EURASIAN JOURNAL OF LAW, FINANCE AND APPLIED SCIENCES
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.2 www.in-academy.uz/index.php/ejlfas




# CRIMINAL-LEGAL CHARACTERISTICS OF THE CIRCULATION OF SUBSTANDARD OR COUNTERFEIT MEDICINES AND MEDICAL DEVICES

**Tursınbev Miratdin**
Teacher of the Faculty of Law of Karakalpak State University named after Berdakh. E-mail: motursinbaev@gmail.com
**Kalbaeva Eldora**
Student of the Faculty of Law of Berdakh Karakalpak State University. Email: eldorakalbaeva@gmail.com
**Maulenbergenova Gulmira**
Student of the Faculty of Law of Berdakh Karakalpak State University
Email: maulenbergenovagulmira@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.18185127

**ARTICLE INFO**

Received: 02nd January 2026
Accepted: 07th January 2026
Online: 08th January 2026

**KEYWORDS**

*Reform, development strategy, roadmap, implementation, criminal liability.*

**ABSTRACT**

*The article analyzes pressing issues related to the legal regulation of the circulation of medicines and medical devices in the Republic of Uzbekistan. Within the framework of the reforms being implemented in the healthcare sector, the regulatory and legal mechanisms aimed at ensuring the quality and safety of these products are reflected. Furthermore, Article 186 (3) of the Criminal Code serves as a legal guarantee to ensure legality in the circulation of medicines and medical devices and to prevent legal violations.*

# УГОЛОВНО-ПРАВОВАЯ ХАРАКТЕРИСТИКА ОБОРОТА ЛЕКАРСТВЕННЫХ СРЕДСТВ И МЕДИЦИНСКИХ ИЗДЕЛИЙ БЕЗ КАЧЕСТВА ИЛИ ПОДДЕЛКИ

**Турсынбаев Миратдин**
Преподаватель юридического факультета Каракалпакского государственного университета имени Бердаха.
E-mail: motursinbaev@gmail.com
**Калбаева Эльдора**
Студент юридического факультета Каракалпакского государственного университета имени Бердаха
Email: eldorakalbaeva@gmail.com
**Мауленбергенова Гулмира**
Студент юридического факультета Каракалпакского государственного университета имени Бердаха
E-mail: maulenbergenovagulmira@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.18185127

**ARTICLE INFO**

Received: 02nd January 2026
Accepted: 07th January 2026
Online: 08th January 2026

**KEYWORDS**

**ABSTRACT**

*В статье анализируются актуальные вопросы правового регулирования оборота лекарственных средств и изделий медицинского*

*Реформа, стратегия развития, "Дорожная карта," реализация, уголовная ответственность.*

*назначения в Республике Узбекистан. В рамках проводимых реформ в сфере здравоохранения отражены нормативно-правовые механизмы, направленные на обеспечение качества и безопасности данной продукции. Кроме того, статья 186 (3) Уголовного кодекса служит правовой гарантией, обеспечивающей законность в обороте лекарственных средств и изделий медицинского назначения и предотвращающей правонарушения.*

# СЫПАТСЫЗ ЯКИ ҚӘЛБЕКИЛЕСТИИИЛГЕН ДӘРИ ҚУРАЛЛАРЫ ҲӘМ МЕДИЦИНАЛЫҚ БУЙЫМЛАР АЙЛАНЫСЫНЫҢ ЖЫНАЙЫЙ-ҲУҚЫҚЫЙ ХАРАКТЕРИСТИКАСЫ

**Турсынбаев Миратдин**
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Юридика факультети оқытыўшысы
E-mail: motursinbaev@gmail.com
**Калбаева Эльдора**
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Юридика факультети студенти
E-mail: eldorakalbaeva@gmail.com
**Мауленбергенова Гулмира**
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Юридика факультети студенти
E-mail: maulenbergenovagulmira@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.18185127

ARTICLE INFO
Received: 02nd January 2026
Accepted: 07th January 2026
Online: 08th January 2026
KEYWORDS
*Реформа, раўажланыў стратегиясы, "Жол картасы", реализация қылыў, жынайый жуўапкершилик.*

ABSTRACT
*Мақалада Өзбекстан Республикасында дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлардың айланысын ҳуқықый тәрептен тәртипке салыўдың әҳмийетли мәселелери анализленген. Денсаўлықты сақлаў тараўында әмелге асырылып атырған реформалар шеңберинде усы өнимлердиң сапасы ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеўге қаратылған нормативлик-ҳуқықый механизмлер сәўлелендирилген. Сондай-ақ, Жынаят кодексиниң 186(3)-статьясы дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлар айланысында нызамлылықты тәмийинлеў ҳәм нызам бузыў жағдайларының алдын алыўға хызмет ететуғын ҳуқықый кепиллик сыпатында көрсетилген.*

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискенинен соң, демократиялық-ҳуқықый мәмлкекет, раўажланған пуқаралық жәмийет қурыў жолын таңлап, бул

ийгиликли мақсетке ерисиў жолында бир қанша реформалар әмелге асырмақта. Сонлықтан, бул бул мәмлекетимиздеги ҳуқық системасын реформалаўды, сондай-ақ, жынаят нызамшылығында хожалық тараўындағы жынаятларды түптен реформалаўды талап етпекте. Әсиресе, усы бағдарда халқымыздың сыпатсыз дәри ҳәм басқа да медициналық буйымларды пайдаланыў жағдайларының алдын алыў бойынша бир қатар ҳәрекетлер әмелге асырылып атыр. Атап айтқанда, 2022-жыл 28-январ куни қабыл етилген "2022-2026-жылларға бағдарланған жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы ҳаққында"ғы 60-санлы Президент пәрманының 58-мақсетинде дәри-дәрмақ ҳәм медициналық буйымлар айланысын тәртипке салыў ҳәм де халыққа арзан ҳәм сапалы өнимлер жеткизип бериў системасын жетилистириў белгилеп берилген [1].

Сондай-ақ, 2022-жылы 26-октябрде қабыл етилген "Халықты сыпатлы дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлар менен тәмийинлеў бойынша қосымша илажлар ҳаққында"ғы 411-санлы Президент қарарына "Жол картасы"ның 12-бәнтинде сапасыз, қәлбекилестирилген, Өзбекстан Республикасында дизимнен өткизилмеген дәри қуралларын ҳәм медициналық буйымларды, референт баҳалары белгиленбеген дәри қуралларын, сондай-ақ, контрафакт дәри қуралларын сатып алыў ҳәм де усақлап реализациялаў қадаған етилген [2].

Сондай-ақ, дәри қураллары ҳәм медициналық буйымларды ислеп шығарыў, таярлаў, маркалаў, сатыў ҳәм экспорт қылыў сыяқлы мәселелер бир қатар нызамшылық актлери менен тәртипке салынады. Мысалы, Өзбекстан Республикасының 2016-жыл 4-январдағы "Дәри қураллары ҳәм фармауцевтика искерлиги ҳаққында ғы 399-санлы нызамының 3-стаьясында дәри қураллары, медициналық буйымлар түсиниклерине анық түсиндирме берилген.

Оған муўапық, ***дәри қураллары дегенде,*** кеселликлер профилактикасы, оларға анализ қойыў ҳәм оларды емлеў, сондай-ақ, адам организминиң жағдайы ҳәм функцияларын өзгертириў ушын медицина әмелиятында қолланылыўына рухсат етилген дәри қураллары (субстанциялар) ҳәм жәрдемши элеменентлер тийкарында алынған қураллар, дәри элементлери (субстанциялар), дәри препаратлары түсинилетуғынлығы көрсетилген.

***Медициналық буйымлар болса,*** кеселликлер профилактикасы, оларға анализ қойыў ҳәм оларды емлеў ушын, сондай-ақ, адам организминиң жағдайы ҳәм функцияларын өзгертириў ушын медицина әмелиятында қолланылыўына рухсат етилген буйымлар болып табылады [3].

Сондай-ақ, бул нызамда дәри өнимлери сыпатын, оларды таярлаў, сыпат-муғдар тәрепинен бақлаўды, сақлаў шәрт-шәраятларын ҳәм аталыўын «фармакопея» деп аталатуғын мәмлекет стандартлары комплекси белгилейди. Дәри өнимлери, медициналық буйымлар сапасына ҳәм оларды қадағалаў усылларына төмендеги тәртиплерди белгилейтуғын норматив-техникалық ҳүжжетлерди рәсмий экпорт органы есапланатуғын Фармакопея комитети тастыйықлайды. Атап өтиў керек, ҳәр бир дәри қуралы ушын Фармакопея комитети тәрепинен тийисли нормативлик-техникалық ҳүжжет (фармакопея мақаласы) тастыйықланади. Миллий фармакопеяни тастыйықлаў ҳәм де дәри

өнимлери ҳәм медициналық буйымлардың сапасы қадағаныўының, олар дизимнен өткерилиўи, стандартластырылыўы ҳәм сертификацияланыўын тәмийинлеў Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен әмелге асырилады.

Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик дизиминен өткерилмеген дәри өнимлери ямаса медициналық буйымларды ислеп шығарыў қадаған етиледи. Өкинишлиси, нызамшылық ҳүжжетлеринде дәри ҳәм медициналық буйымларды ислеп шығарыў ҳәм реализация қылыў менен байланыслы қатнасықлар тәртипке салынғанлығына қарамастан, әмелиятта оны бузыў жағдайлары көплеп ушыраспақта.

Атап айтқанда, нызамшылығымызда дәри қураллары тек ғана арнаўлы лицензияға ийе кәрханаларда ислеп шығарылыўы ҳәм дәриханалар арқалы сатылыўы, бул дәриханаларда жумысты басқарыў болса жоқары фармацевтика мағлыўматына ийе шахсларға ғана рухсат етилгенлиги қатаң белгиленген.

Бирақ, айырым ўақытларда нызам менен рухсат берилеген орынлар, яғный дәриханаларда да сыпатсыз яки қәлбекилестирилген дәри қураллары яки медициналық буйымлар сақланыў жағдайлары ушыраспақта. Буған дәриханалар дәри өнимлери ҳәм медициналық буйымларды нызамға қылап рәўиште байлық арттырыў мақсетинде қәлбилестириў жағдайларын айтыў мүмкин.

Мысалы, көпшилик жағдайларда аналгин, бисептол, трихопол, лазекс, линекс ҳәм басқа да халық арасында күнделикли тарде етимли болған ҳәм алыў ушын ҳеш қандай шыпакер тәрепинен берилген рецепт талап етпейтуғын сыпатсыз дкри ҳәм басқа да медициналық буйымларды сатылады. Бул болса, өз гезегинде, адамлар денсаўлығы ушын қәўипли ақыбетлерге алып келеди.

Қалбекилестирилген дәри өнимлердиң айырымларында тәсир етиўши затлар жоқ болса, басқаларында болса микробиологиялық жақтан патас болады, сондай-ақ, дәрилер қурамына зыянлы затлар араластырилганлығы менен ҳақый дәри ҳәм медициналық буйымлардан парықланады.

Сондай-ақ, бундай қылмыслар дәри ҳәм басқа да медициналық буйымлар ислеп шығарыўшы лицензияға ийе қарҳаналар ьәрепинен де ислениў жағдайлары жүз бермекте. Мысалы, Өзбекстанда кеминде 69 баланың өлимине ҳәм 16 баланың нәгиран болып қалыўына алып келген сироп бойынша "Док-1 Макс" исин көрсетиў мумкин [4].

Шахслардың нызам талапларына әмел қылмаў жағдайлары болса өз гезегинде, ҳәкимшилик, жынайый жуўапкершиликти келтирип шығарады. Өзбекстан Республикасы Жынаят "Сапасыз ямаса қәлбекилестирилген кодексиниң 186-1-статьясы дәри қуралларын ямаса медициналық буйымларды өткизиў мақсетинде ислеп шығарыў, таярлаў, алыў, сақлаў, тасыў яки өткизиў, дәри буйымларын яки медициналық буйысларды дәриханалардан тысқарыда реализация қылыў, сондай-ақ, қурамында күшли тәсир қылушы затлар болған дәри қуралларын рецепт бойынша усақлап реализация қылыў тәртибин бузыў" деп аталады. Оған муўапық, шахстың бундай буйымларды өткизиў мақсетинде ислеп шығарыў, таярлаў, алыў, сақлаў, тасыў яки өткизиў, сондай-ақ, дәриханалар

ҳәм олардың филиалларынан тысқарыда реализация қылыў сыяқлы ҳәрекетлери оны жынаят нызамшылығы бойынша жууапкершиликке тартыўға себеп болады. Шахстың нызамсыз ҳәрекетлери ушын оны бирден жынайый жууапкершиликке тартпай, ҳәкимшилик жууапкершиликке тартыў болса, өзинде инсаныйлық принципин сәўлелендиреди.

Бул түрдеги жынаятлардың қәўипли ақыбетлери соннан ибарат, олар тек ғана дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлардың үстинен бақлаўдың нызам менен орнатылған тәртибин бузып ғана коймамтан, бәлки шахслардың өмири ҳәм денсаўлығына да реал қәўипти келтирип шығарады.

Жынайый қылмысты ислеген шахсларға қарата Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 186(3)-статьясына көре, исленген жынаяттың өзгешелигин, ақыбетлерин, жынаятшының шахсын есапқа алған ҳалда жкрийма, мийнет пенен дүзетиў жумыслары, еркинликти шеклеў яки еркинликтен айырыў жазаларының бири суд тәрепинен тайынланыўы белгиленген.

Жоқарыдағы пикиримизге жууқмақ сыпатында соны айтыўымыз мүмкин, Өзбекстан Республикасында дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлардың айланысын тәртипке салыў ҳуқықый ҳәм социаллық тәрептен үлкен әҳмийетке ие. Сапа ҳәм қәўипсизликти тәмийинлеўге қаратылған нормативлик-ҳуқықый механизмлер ҳәм мәмлекетлик қадағалаў системасы бул тараўдағы машқалаларды азайтыўға хызмет етеди. Жынаят Кодекси 186(3)-статьясы болса дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлар айланысындағы нызамлылықты тәмийинлеўде әҳмийетли ҳуқықый қурал сыпатында әмел етеди.

## References:

1. 2022-жыл 28-январдағы 2022-2026-жылларға бағдарланған жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы ҳаққында"ғы 60-санлы Президент парманы//lex.uz
2. 2022-жыл 26-октябрдеги "Халықты сыпатлы дәри қураллары ҳәм медициналық буйымлар менен тәмийинлеў бойынша қосымша илажлар ҳаққындағы 411-санлы Президент қарары//lex.uz
3. Өзбекстан Республикасының 2016-жыл 4-январдаги «Дәри қураллары ҳәм фармацевтика искерлиги ҳаққында»ғы 399-санлы Нышамы, 3-статьяа, 2-абзац // «Халқ сўзи», 2016-жыл 5-январь, 2-сан.
4. Газета.уз https://www.gazeta.uz/ru/2025/09/12/dok-1-maks/
5. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодекси https://lex.uz/mact/-111453